



Konnen preferans ou yo :

Yon gid pou pasyan ki gen yon maladi
grav nan faz avanse

Nan Massachusetts, tout pasyan ki gen yon maladi grav nan faz avanse gen yon dwa legal pou yo resevwa enfòmasyon sou eta sante yo, jan yo ka evolye ("pwonostik"), ak tout preferans yo genyen pou swen yo. Sa pèmèt pasyan yo oswa moun k ap defann yo pran desizyon enfòme sou preferans yo genyen pou swen lasante ki reflete objektif, valè, dezi ak bezwen chak moun. Gid sa a dekri kalite preferans pasyan yo genyen lè y ap resevwa tretman pou yon maladi grav, ki ka detui lavi.

Malgre li ka difisil pou moun panse alavans a preferans pou swen lasante – espesyalman lè yon maladi estab epi yo ka kontwole sentòm yo – li fè sans anpil lè w pale ak moun ou renmen yo e ak moun k ap ba w swen yo nan moman w santi w gen fòs epi w ka fè konnen dezi w yo klèman. Li enpòtan pou w pale ak moun k ap ba w swen lasante yo, fanmi w ak lòt moun yo ki nan sistèm sipò w la konsènan sijè sa yo ki dekri anba a : **Planifikasyon swen alavans, Swen palyatif, Swen ospis, ak Odonans medikal pou tretman pou kenbe moun anvi (MOLST an anglè).**

Depatman lasante piblik nan Massachusetts te kreye gid sa a pou sipòte pasyan yo ak manb fanmi yo ak enfòmasyon enpòtan sou preferans yo genyen pou swen lasante, espesyalman lè yo soufri yon maladi grav.

Planifikasyon swen alavans : Fè konnen dezi w yo

Planifikasyon swen alavans se pran desizyon pou asire w ou jwenn swen medikal ou ta renmen si w ta vin twò malad oswa w ta sibi yon chòk ki lakoz ou pa ka fè konnen dezi w yo, menm lè doktè ak manb fanmi w ap pran desizyon sa yo pou ou. Li enpòtan pou w pale ak fanmi w ak moun ou renmen ou fè konfyans yo konsènan objektif ou yo, bagay ki gen enpòtans pou ou ak dezi w yo pou swen medikal w ap resevwa alavni yo kèlkeswa bezwen lasante aktyèl ou. Epitou li enpòtan pou pasyan yo ak fanmi yo (oswa moun k ap defann yo) pale ak moun yo k ap bay pasyan yo swen pandan maladi a, menm okòmansman. Kèk egzanp nan desizyon yo ka pran yo se èske w vle pou yo itilize yon machin pou ede w respire, pou yo mete yon tib pou ba w manje, oswa reyanime w si kè w rete.

Direktiv alavans se dokiman legal ki pèmèt ou presize preferans ou yo konsènan swen nan dènye moman lavi w alavans. Nan Massachusetts, yon Manda pou swen lasante se fòm direktiv alavans yo asepte legalman an. Li se yon dokiman legal senp ki pèmèt nenpòt adilt chwazi yon moun li fè konfyans pou pran desizyon sou swen lasante pou li si l vin pa anmezi pou l pran oswa kominike desizyon sa yo. Yo rele moun yo chwazi a "ajan swen lasante". Ajan swen lasante a dwe tann jiskaske yon doktè detèmine ak dokimante pasyan an pa ka pran oswa kominike desizyon sa yo pou kont li.

Resous pou planifikasyon swen alavans :

Enfòmasyon, enstriksyon sou Manda pou swen lasante nan Massachusetts ak fòm pou Manda pou swen lasante nan Massachusetts :
[www.massmed.org/
healthcareproxy](http://www.massmed.org/healthcareproxy)

NIH National Institute on Aging (NIH Enstiti nasyonal sou vyeyisman) :
[www.nia.nih.gov/health/
publication/advance-care-planning](http://www.nia.nih.gov/health/publication/advance-care-planning)

The Conversation Project :
theconversationproject.org

Better Ending (Yon pi bon fen). Sa gen ladan I tradiksyon fòm Manda pou swen lasante a nan lang panyòl ak vyetnamyen ak fichye odio nan lang anglè ak panyòl) :
[www.betterending.org.](http://www.betterending.org)

Honoring Choices (Respekte preferans yo), Massachusetts :
www.honoringchoicesmass.com

Pou asire yo konnen ak respekte dezi yon moun pou swen lasante I alavni, li enpòtan pou moun nan ranpli yon "Manda pou swen lasante" ki se yon dokiman alekri konsènan desizyon k ap pran alavni pou swen medikal li.

Swen palyatif : Kontwole sentòm yo

Kisa swen palyatif yo ye ?

Swen palyatif se yon apwòch travay an ekip pou tretman maladi grav. Apwòch sa a mete aksan sou bezwen fizik, emosyonèl ak espirityèl moun nan. Swen palyatif yo apwopriye pou pasyan nenpòt laj, kèleswa jan yo espere maladi pasyan yo ap evolye. Objektif swen palyatif yo se pou prevni ak soulaje sentòm fizik, enkyetid, ak estrès ki akonpanye souvan yon maladi grav. Pami sa yo fè nan bay swen palyatif se kontwole doulè, souf kout, fatig, kè plen, pèt apeti, ak difikilte pou pasyan yo fonksyone. Sèvis swen palyatif yo ede tou pasyan yo ak manb fanmi yo prepare bagay y ap bezwen alavni yo, koòdone swen, ak pran desizyon ki difisil pafwa yo.

Kilès ki bay swen palyatif yo ?

Se yon ekip pwofesyonèl nan divès kalite branch ki bay swen palyatif yo. Ekip sa a ka gen ladan 1 doktè, enfimyè, travayè sosyal, omonye, ak lòt moun.

Kilès ki ka resevwa swen palyatif yo ?

Nenpòt moun ki gen yon maladi grav, kèleswa laj li, esperans lavi li oswa pwonostik li, ka resevwa sèvis swen palyatif.

Èske swen palyatif yo se menm ak ospis ?

Non, men yo gen rapò. Swen palyatif yo (ki bay konfò ak sipò) se yon pati nan swen ospis yo, men yo ka bay yo nan nenpòt etap nan yon maladi grav – lakay, lopital, elatriye. Yo bay swen ospis yo espesifikman nan dènye faz lavi.

Ki kote m ka resevwa swen palyatif yo ?

Yo ka bay swen palyatif yo nenpòt kote, pa egzanp nan lopital oswa lakay.

Palyatif vle di :

K ap rekonfòte
K ap kalme
K ap soulaje

Pami swen palyatif yo, nou jwenn :

- Soulajman sentòm fizik
- Koòdinasyon swen
- Sipò pou pasyan ak fanmi
- Èd pou ede pran desizyon

Klarifikasyon yon ide kouran ki pa yon reyalite : Swen palyatif yo PA anpeche yo bay lòt tretman, tankou manèv pou yo pwolonje lavi oswa ki ka menm bay gerizon.

Èske asirans mwen an kouvri swen palyatif yo ?

Majorite konpayi asirans, tankou Medicare ak Medicaid, kouvri kèk sèvis medikal yo konsidere kòm swen palyatif. Sa pral depann de eta sante pasyan an ak kote 1 ap resevwa swen yo (lakay, lopital, elatriye). Pou w ka jwenn enfòmasyon espesifik sou kouvèti swen lasante w, kontakte konpayi asirans ou a.

Èske m ka kenbe doktè aktyèl mwen an si m ap resevwa swen palyatif ?

Wi ! Ekip k ap bay swen palyatif yo travay sere sere avèk doktè prensipal yon pasyan. Yo bay yon nivo tretman ak sipò anplis.

Resous pou swen palyatif :

Hospice and Palliative Care Federation of Massachusetts (Federasyon pou swen ospis ak swen palyatif nan Massachusetts): www.hospicefed.org

National Hospice and Palliative Care Organization (Organizasyon nasyonal pou swen ospis ak swen palyatif) : www.nhpco.org

"Kesyon ak repons pou pasyan, fanmi, ak reprezantan" nan Depatman lasante Eta New York la : www.health.ny.gov/professionals/patients/patient_rights/palliative_care/2012-06-26_proposed_questions_answers.htm

Partnership for Palliative Care (Asosyasyon pou swen palyatif) : restoringqualityoflife.org/what-is-palliative-care/palliative-care-and-insurance

Swen ospis : Jesyon dènye faz lavi

Kisa swen ospis yo ye ?

Swen ospis yo se yon filozofi bay swen nan faz final lavi ki konsidere moun nan an antye. Ospis bay pasyan yo ak moun yo renmen yo plizyè kalite sèvis konfò ak sipò ki rele tou swen palyatif. Yo bay yo an jeneral lè yon maladi grav pa reponn a tretman ki konsantre sou gerizon ankò.

Ospis ede pasyan ki pral mouri yo klarifye priyorite yo ak etabli objektif yo genyen pou swen yo pandan 1 ap ba yo soulajman pou doulè ak lòt sentòm. Yo pa bay tretman nan ospis pou pwolonje lavi. Men yo plis konsantre yo sou ofri konfò ak diyite pou dènye mwa lavi pasyan an kapab genyen otan valè ak satisfaksyon posib pou pasyan an ak fanmi l.

Kilès ki bay swen ospis yo ?

Nan majorite ka, se yon ekip moun ki bay swen lasante ki jere swen ospis yo. Doktè, enfimyè, travayè sosyal, konseye, èd swayan k ap bay swen lakay, dirijan legliz, terapet, ak volontè ki pran fòmasyon tout bay swen nan domèn pa yo. Yo travay ansanm pou yo bay moun k ap mouri a swen medikal, emosyonèl, ak espirityèl konplè.

Kilès ki ka resevwa swen ospis yo ?

Nenpòt moun ki te resevwa dyagnostik pou yon maladi ki nan faz final li ka resevwa swen ospis yo.

Ospis ede pasyan yo klarifye priyorite yo ak etabli objektif yo genyen pou swen yo pandan 1 ap ba yo soulajman pou doulè ak lòt sentòm.

Klarifikasyon yon ide kouran ki pa yon reyalite : Ospis PA VLE bay vag !

Ki kote m ka resevwa swen ospis yo ?

Yon moun ki malad nan faz final li ka resevwa sèvis ospis nenpòt kote l ye keseswa nan yon lopital oswa lakay li. Yon pasyan ki abite nan yon sant ki bay swen enfimye oswa yon sant ki bay swen sou yon peryòd ki long ka resevwa vizit espesyalize nan men moun ospis sa yo ki se enfimyè, èd swayan k ap bay swen lakay, omoneye, travayè sosyal, ak volontè, anplis de lòt swen ak sèvis sant ki bay swen enfimye a ba yo.

Èske asirans mwen an kouvri swen ospis yo ?

Plizyè konpayi asirans (tankou Medicare) mande se pou maladi a nan faz final li. Sa vle di pou pasyan an gen yon esperans vi ki pi piti pase sis mwa. Pou w ka jwenn enfòmasyon espesifik sou kouvèti swen lasante w, kontakte konpayi asirans ou a.

Resous pou swen ospis :

Hospice and Palliative Care Federation of Massachusetts (Federasyon pou swen ospis ak swen palyatif nan Massachusetts):
www.hospicefed.org

Hospice Foundation of America (Fondasyon swen ospis nan Etazini) :
www.Hospicefoundation.org

Home Care Alliance of Massachusetts (Alyans pou swen lakay nan Massachusetts) :
www.thinkhomecare.org

American Cancer Society (Sosyete amerikèn kont kansè) :
www.cancer.org/treatment/findingandpayingfortreatment/choosingyourtreatmentteam/hospicecare/hospice-care-services

Children's Hospice and Palliative Care Coalition (Koalisyon pou swen ospis ak palyatif pou timoun) :
www.chpcc.org

Òdonans medikal pou tretman pou kenbe moun anvi : Kominike preferans pou swen w yo

Kisa Òdonans medikal pou tretman pou kenbe moun anvi a ye ?

Òdonans sa yo ki fòme yon mo abreje ki rele MOLST an anglè se yon fòm òdonans medikal ki baze sou dwa ak preferans yon pasyan pou l asepte oswa refize tretman medikal, menm tretman ki ka pwolonje lavi. Li reflete desizyon pasyan ki malad grav yo pran konsènan sèten tretman medikal yo vle oswa yo pa vle resevwa. Yo ka chanje desizyon sa yo nenpòt lè, menm apre yo fin ranpli ak siyen fòm MOLST la. Itilizasyon fòm MOLST la volontè. Yo itilize fòm MOLST la pou kominike òdonans medikal ki soti nan men yon moun k ap bay swen lasante (pa egzanp doktè oswa enfimyè) al jwenn lòt pwofesyonèl lasante (pa egzanp sekouris yo nan ka dijans).

Èske MOLST se menm bagay ak yon Manda pou swen lasante ?

Non. Fòm MOLST la se yon dokiman medikal yo ka itilize imedyatman baze sou eta sante aktyèl moun nan. Fòm Manda pou swen lasante yo se dokiman legal ki valid sèlman apre yon moun pa anmezi pou l kominike dezi l yo ankò.

Resous pou MOLST :

Massachusetts Medical Orders
for Life Sustaining Treatment
(Òdonans medikal pou tretman
pou kenbe moun anvi nan
Massachusetts) :
www.molst-ma.org